



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LIMEN MONIMAN ISTORIK NEW YORK YO NAN SELEBRASYON ENDEPANDANSGRÈK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an ble e blan aswè a, 25 mas la, nan selebrasyon ak Fèt Endepandans Grèk la. Jounen sa make 201yèm anivèsè Grèk kont Anpi Ottoman apre revolisyon Grèk la an 1821.

"Jodi a n ap selebre Fèt Endepandans Grèk la ak kominote Grèk New York la lè nou montre nan ki pwen nou rekonesan pou kontribisyon kiltirèl yo nan gran eta sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kilti Grèk la baze sou fondman lavi chak jou nan anpil fason antanke Nouyòkè epi mwen fyè pou limen moniman istorik New York yo an ble e blan aswè a pou selebre lyen solid nou genyen ak gran peyi sa ak pèp li a."

Eta New York gen youn nan popilasyon Grèk ki pi gwo nan Amerik la ki kontribye nan chak pwofesyon epi pataje kilti yo atravè restoran, legliz, festival nan lari, parad, ak anpil lòt fason.

Moniman istorik k ap limen nan selebrasyon Fèt Endepandans Grèk la se:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Alfred E. Smith State Office
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)